

# ATANSYON LOCATYE

**Kisa ou ta dwe fè si ou gen enkyetid sou:**

- 1. Sante oswa sekirite apatman w lan;**
- 2. Antretyen an nan pwopriyete a;**
- 3. Lwaye ou oswa asistans Seksyon 8 ou a?**

Pwopriyete sa a resevwa asistans federal Seksyon 8 atravè **Depatman Lojman ak Devlopman Iben Lèzetazini (“HUD”)** epi li sijè a sipèvizyon Administratè Kontra ki baze sou Pwojè HUD a (“PBCA”). PBCA nan Eta New York se **NYS Homes and Community Renewal (“HCR”)**, k ap travay an patenarya ak CGI.

Misyon HCR se ede asire lokatè yo gen aksè a yon lojman ki an sekirite, desan ak abòdab. Nou ankouraje w kominike nenpòt enkyetid bay manadjè pwopriyete w la; se pi souvan fason ki pi rapid pou rezoud pwoblèm ou a. Men etap ou ka pran:

## **Etap 1: Kontakte manadjè pwopriyete w la ak/oswa komite rezidan an dabò.**

Pou pwopriyete sa a, tanpri kontakte:

Enfòmasyon pou kontakte ak enstriksyon pou enkyetid:

**\*\*TOUJOU Konpoze 911 nan sitiyou ki menase lavi yo.\*\***

## **Etap 2: Kontakte Sant Apèl CGI**

Si ou se yon lokatè Seksyon 8 ki te kontakte manadjè pwopriyete a oswa komite rezidan an epi li pa t resevwa konsèy oswa yon rezolisyon -oswa-si kontakte manadjè pwopriyete a ak enkyetid patikilye ou pa ta apwopriye, Sant Apèl CGI a ka ede.



Sant Apèl CGI a gen yon ekip Espesyalis Relasyon Kliyan (CRS) ki resevwa, envestige, epi reponn a enkyetid k ap vini yo.

## **Objektif Sant apèl CGI**

- Sèvi kòm yon twazyèm pati net pou rezidan yo, pwopriyetè yo, ak piblik la
- Siveye pwopriyete yo pou konfòmite ak règleman HUD
- Asire rezidan yo jwenn yon lojman desan, san danje epi sanitè

## **Enfòmasyon pou Kontak Sant Apèl CGI ak Orè Biznis yo**

**Orè de Operasyon:** 8:30 AM jiska 5:30 PM, Lendi jiska Vandredi

**Nimewo Kontak yo:** 1-866-641-7901

**Nimewo TTY:** 1-800-662-1220

**Faks:** 1-518-218-7800

**Postal:** 3 Lear Jet Lane, Suite 205, Latham, NY 12110

**Imel:** [NYPBCAContactCenter@cgifederal.com](mailto:NYPBCAContactCenter@cgifederal.com)

**Sit web:** <http://www.pbcany.com>



Pou ouvri yon ankèt, tanpri mete non pwopriyete a, non rezidan an (yo aksepte demann anonim), nimewo telefòn rezidan ak kòd zòn, adrès rezidan ki gen ladan nimewo apatman an ak yon deskripsyon kout detaye sou enkyetid yo.